

## BAB III

### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Métode jeung Téhnik Panalungtikan

##### 3.1.1 Métode Panalungtikan

Kecap métode mangrupa kecap serepan tina basa deungeun, basa Latén. Éta istilah téh asal kecapna tina *methodos* (*meta*; nyungsi, ngaliwatan, nurutan, atawa sanggeusna, jeung *hodos*; jalan, cara, atawa arah). Dina harti nu leuwih lega, métode dianggap salaku cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas (kanyataan), léngkah-léngkah sistematis pikcun ngungkulon runtusan sabab-akibat. Sedengkeun Pungsi métode nya éta pikeun ngabasajankeun pasualan, tujuanana sangkan pasualan nu disanghareupan gampang diungkulonana (Ratna, 2004: 34). Hartina, unggal panalungtik merlukeun métode pikeun ngahontal tujuan panalungtikanana. Métode panalungtikan nu dipaké salawasna diluyukeun jeung tujuan panalungtikan.

Tujuan tina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngainterprétasi palaku dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* karangan Ahmad Bakri ngagunakeun pamarekan psikologi éksisténsial. Ku lantaran kitu, métode nu dianggap loyog pikeun ieu panalungtikan téh nya éta métode déskriptip.

Métode déskriptip mibanda sipat nyaritakeun jeung napsirkeun data nu aya, misalna ngeunaan kaayaan nu keur dialaman, hiji hubungan, kagiatan, pamadegan, sikep nu témbong ... jsb. (Surakhmad, 1998: 139). Dina praktikanana, métode déskriptip henteu ukur ngumpulkeun jeung nyusun data wungkul, tapi dibarengan ku analisa jeung interprétasi ngeunaan harti tina data

(téks). Ku lantaran kitu ieu métode téh sok disebut ogé métode analitik (Surakhmad, 1998: 140), sedengkeun Ratna (2004: 53) nétélakeun yén métode déskriptif analitik téh nya éta salasahiji métode panalungtikan nu dilakukeun ku jalan ngadéskripsikeyun pakta-pakta nu aya dina téks nu ditéma ku jalan nganalisis/ngainterprétasi éta pakta.

### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik téh asal kecapna tina *tekhnikos* (basa Yunani) nu hartina nya éta alat atawa seni ngagunakeun alat (Ratna, 2004: 37). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta (1) téhnik ulikan pustaka jeung (2) téhnik analisis data/téks. Ngarah leuwih jéntré. téhnik panalungtikan nu dimaksud bakal dijelaskeun di handap ieu.

#### **3.1.2.1 Téhnik Ulikan Pustaka**

Téhnik ulikan pustaka maksudna nya éta nilik, nitén, jeung ngulik sababaraha sumber pustaka nu ngarojong kana panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, buku nu pangheulana dititénan tur diinterpretasi eusina téh nya éta novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajaputi* karangan Ahmad Bakri. Lian ti éta, minangka pangrojong kana panalungtikan, ogé nilik sababaraha buku ngeunaan métodologi panalungtikan sastra –utamana psikologi sastra— jeung psikologi éksisténsial.

#### **3.1.2.2 Téhnik Analisis Data (Téks)**

Sanggeus data kapanggih, léngkah satulunya nya éta nganalisis data. Dina ieu panalungtikan, data (téks) nu dianalisis nya éta novel *Asmaramurka* jeung

*Bedog Si Rajapati* nu museur kana kajiwaan parapalaku disawang ku psikologi eksistensial jeung panyakit kajiwaan nu dialaman ku parapalakuna kalayan kasang tukang nu nyababkeunana.

### 3.2 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta sumber/asalna meunangkeun data (Arikunto, 2002: 107). Sumber data dina panalungtikan téh bisa mangrupa sumber pustaka, saperti dokumén buku atawa sumber tulis séjenna. Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* karangan Ahmad Bakri. Satuluyna, t:na éta sumber data téh nu bakal diinterpretasina nya éta unsur kajiwaan parapalaku nu luyu jeung konsép psikologi eksistensial tur panyakit kajiwaan nu dialaman ku parapalaku katut kasang tukangna. Ku kituna, parapalaku dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* téh dijadikeun sampel panalungtikan. Hartina, palaku dina *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* téh bakal diinterpretasi ku psikologi eksistensial.

### 3.3 Léngkah Garapan Panalungtikan

Léngkah garapan dina ieu panalungtikan dibagi jadi li:na panta, nya éta (1) tatahar, (2) ngumpulkeun data, (3) nganalisis data, (4) nyindekkeun, jeung (5) nyusun laporan. Pikeun leuwih jéntréna, lima panta di luhur baris dipedar di handap ieu.

### 3.3.1 Tatahar

Léngkah garapanana saperti nu disebutkeun di handap ieu:

- 1) ngumpulkeun sumber pustaka, nya éta buku-buku nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Di antarana buku-buku ngeunaan métodologi panalungtikan sastra, psikologi eksistensial, tur novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* karangan Ahmad Bakri;
- 2) maca bari neuleuman buku-buku nu dimaksud;
- 3) nyieun watesan jeung rumusan masalah;
- 4) ngasengkeun judul panalungtikan;
- 5) nyusun rarancang panalungtikan (proposal), jeung;
- 6) konsultasi tur ménta panyaluyuan ka Dosén Pangaping I jeung II

### 3.3.2 Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, nu dijadikeun data nya éta téks-téks dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* karangan Ahmad Bakri utamana ngeunaan kajiwaaan parapalaku nu luyu jeung konsép psikologi eksistensial tur panyakit kajiwaaan parapalaku kalayan kasang tukangna. Léngkah garapanana nya éta:

- 1) maca sageblengna novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* karangan Ahmad Bakri, jeung;
- 2) nangtukeun struktur novel nu bakal diinterpretasi, nya éta nu nuduhkeun déskripsi ngeunaan kajiwaaan parapalakuna jeung panyakit kajiwaaan nu dialaman ku parapalaku kalawan kasang tukangna.

### **3.3.3 Nganalisis Data**

Saréngséna data nu dimaksud kapanggih, éta data téh tuluy dianalisis luyu jeung téhnik-téhnik nu geus disebutkeun di luhur. Léngkah-léngkah analisisna nya éta:

- 1) nitenan deui data;
- 2) ngawilah-wilah data;
- 3) nyirian data nu nuduhkeun déskripsi ngeunaan kajiwaan parapalaku dumasar konsép psikologi eksisténsial jeung gangguan kajiwaan nu dialaman ku parapalaku kalawan kasang tukangna;
- 4) maluruh aspek psikologi eksisténsial parapalakuna; jeung,
- 5) maluruh panyakit kajiwaan nu dialaman ku parapalaku tur kasang tukangna.

### **3.3.4 Nyusun Laporan**

Léngkah pamungkas nya éta nyusun laporan. Laporan dina ieu panalungtikan téh disusun dina wongun karya ilmiah skripsi. Prosés nyusun skripsi salilana aya dina apingan Dosén Pangaping I jeung II.

### **3.3.5 Nyieun Kacindekan**

Sanggeus sakabéh data dianalisis, léngkah satuluyna nya éta nyindekkeun hasil panalungtikan. Lian ti éta, dirumuskeun cgé saran-saran jeung lajuning laku panalungtikan.

